# Кегейли районы ҳәкими А.Камаловтың есабаты

Ассалаўма әлейкум ҳүрметли депутатлар, сессия қатнасыўшылары!

Бүгинги сессияда, жыл даўамында районымызда алып барған жумысларымыздың нәтийжелери, кемшиликелери ҳәм келешекке бағдарланған, алдымызда турған режелеримиз ҳаққында есабат берип өтпекшимен.

Әйне ўақытта, елимиздеги барлық тараўдағы реформалар Президентимиз тәрепинен қабыл етилген пәрманлар, қаралар, нәтийжели бағдарламалар, ҳүкиметлик бийликлер хәм шешимлер тийкарында избе-излик пенен әмелге асырылып атыр.

Районымызды социал-экономикалық тәрептен раўажландырыў ҳәм инвестицияларды киргизиў бағдары бойынша әмелге асырыўымыз керек болған жумыслар, 2025-жылдың 12 айы даўамында қолға киргизген жетискенликлеримиз ҳаққында төмендеги тийкарлы мағлыўматларға итибар қаратсақ!

2025-жыл жуўмағында **423,8 млрд** сўмлық санаат өнимлери, **809,4 млрд** сўмлық аўыл хожалық өнимлери, хызметлер көлеми **419,8 млрд** сўм, қурылыс жумыслары көлеми сўм болып, усақлап сатыў көлеми **424,5 млрд** сўм, экспорт көлеми **12,1 млн** АҚШ долларды қурады.

Министрлер Кабинетиниң арнаўлы карары тийкарында Әндижан ўәлаяты ҳәкимлиги тәрепинен дизимге алынған пуқараларға тийисли болған 400 ге жақын жеке тәртиптеги үй-жайларда шиферлаў жумысларын алып барылды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары тийкарында, районда жәми **29 млрд 742,0 млн.сўм** болған қурылыс –оңлаў жумыслары алып барылды.

2025-жылда қурылыс ҳәм билимлендириў тараўы да районымызда айрықша орын ийеледи. Райондағы **25-санлы** ҳәм **7-санлы** мектеп имаратларының ҳәр биринде улыўма баҳасы **4 млрд 400 млн** сумлық қурылыс оңлаў жумыслары алып барылды. **"Жүзимбағ"** ҳәм **"Ийшан қала"** АПЖда ишимлик суў тармақлары жаңадан тартылып 400 ге жақын хожалықлар таза ишимлик суўы менен тәмийинленди, район бойынша жәми 50 км ге жақын суў тармағы тартылып, халық ушын қолайлы шараят жаратылды. 2025-жылы ишки жолларды оңлаў ушын **4 млрд** сум қаратылып, 20 **км** хожалық жолларына ШПС төсеў жумыслары әмелге асырылады. Сондай-ақ, Ашық бюджет тийкарында халықтың усынысы тийкарында **28** км ишки жоллар асфальтланды. Електр тәмийинатын жақсылаў ушын **2 млрд 592 млн** сумлық жумыслар белгиленди ҳәм әмелге асырылды. **Жузимбағ АПЖ** да **90** орынлық мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси, райондағы айырым пәнлери тереңлестирилип оқытылатуғын класы бар мектепке **320** орынлық қосымша мектеп имараты қурылды. Усы күнге шекем Кегейлиде ата-ана қарамағынан айырылған **18** жасқа барлық қолайлықларға ийе жаңа турақ жайлар тапсырылды.

2025-2026 жыллар даўмында Халқабад посёлкасы, “Халқабад гузары” көшеси бойынынан **10** көп қабатлы турақ жайлар қурыў нәзерде тутылған болып, соннан 2025-жылда **4** көп қабатлы турақ жайдың қурылыс жумыслары алып барылып бүгинги күнде **3** көп қабатлы турақ жайдың улыўма баҳасы **15 млрд 900 миллион** сўмлық қурылыс жумыслары толық жуўмақланып бүгинги күнде пайладаныўға тапсырылды.

Өткен 2025-жыл даўамында районда **78 млрд** сўмлық қурылыс-оңлаў жумыслары алып барылды.

**Ҳүрметли депутатлар!**

Кегейли районда өткен 2025-жыл даўамында кең көлемли реформалар ҳәм дөретиўшилик жумыслары әмелге асырылды десек болады. Заманагөй кәрханалар иске қосылмақта, исбилерменлер ушын жаңа имканиятлар жаратылмақта. Ҳүрметли Президентимиздиң

Қарақалпақстанда исбилерменликти раўажландырыўға қаратылған Пәрманлары арқалы жаңадан-жаңа жумыс орынлары жаратылып атыр.

2025-жылы районда улыўма баҳасы **312,8** миллиард сумлық **23** инвестициялық жойбар әмелге асырылып, **800 ге** шамалас жумыс орны жаратылды.

Соның ишинде, **Жүзимбағ АПЖ** аймағында Андижанлы исбилерменлердиң басламасы менен **"КЕГЕЙЛИ БАРАКА НАСЛЛИ ПАРРАНДА"** кәрханасы шөлкемлестирилмекте. **102** миллиард сумлық бул жойбардың нәтийжесинде жылына **100 мың** бас бройлер жетистириледи ҳәм **100 ден** аслам жумыс орны жаратылады.

Сондай-ақ, **"Ланко мия"** Өзбек-Қытай кәрханасы **48 млрд** сумлық қурылыс материалларын ислеп шығарыў жойбарын әмелге асырмақта. Бул арқалы **200** ге жақын жаңа жумыс орны жаратылады.

Кегейли районының мийўе-палыз егинлери бойынша жыллық **1 миллион долларлық** експорт режеси енди машқала емес, себеби районда **"ГЛОБАЛ ЕХПОРТ"** атлы жаңа кәрхана өз жумысын баслады.

Бул кәрхана заманагөй технологиялар тийкарында, атап айтқанда, **Қытай ҳәм Түркиядан** алып келинген үскенелер жәрдеминде, ҳәр жылы **1000** тоннаға шекем мәш өнимин қайта ислеў имканиятына ийе. Қайта исленген өнимлер експортқа бағдарланып, жыллық **1 миллион долларлық** валютаның мәмлекетке келип түсиўи тәмийинленеди.

Районда 2025 жыл ҳаял-қызлардың жасаў шараятларын, материаллық жағдайларын ҳәмде тилеклерин үйренип шығып, социаллық қоллап-қуўатлаўға мүтәж, бәнтлигин тәмийинлеўге, исбилерменлик ҳәм кәсип-өнерге бағдарлаў зәрүрияты бар ҳаял-қызлардың социаллық жағдайын жақсылаў бойынша индивидуал дәстүрлер ислеп шығыў арқалы **6-басқыш** «Ҳаяллар дәптери»не **2 193** ҳаял-қызлар киритилди.

Районымзда жасларды қоллап-қуўатлаў бағдарында да «Жаслар дәптери» тийкарында да бир қатар жумыслар әмелге асырылды. Жуўмақланған жыл даўамында **359** жас “Жаслар дәптери”не киргизилген болып, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, жәмийеттен өз орнын табыўға қомекселиў бағдарында бир қатар унамлы жумыслары алып барылды.

**Ҳүрметли депутатлар ҳәм сессия қатынасыўшылары!**

Кегейли районын 2026-жылы социаллық-экономикалық раўажландырыў ҳәм мәҳәллелер инфраструктурасын жақсылаў бағдарында әмелге асырылып атырған жумыслар ҳаққында қысқаша мағлыўмат берип өтпекшимен.

2026-жылда район экономикасын турақлы раўажландырыў тийкарғы мақсетимиз болып, барлық тараўларда анық режелер белгилеп алынған. Соның ишинде, санаат өндирисиниң көлемин **501,4** миллиард сумға, аўыл хожалығы өнимлерин **681,5** миллиард сумға, хызметлер тараўын **531,6** миллиард сумға, қурылыс жумысларын болса **138,6** миллиард сумға жеткериў режелестирилген. Барлық бағдарларда өсиў пәтлери тәмийинленеди.

Инвестициялық орталықты жақсылаўға айрықша итибар қаратып атырмыз. Улыўма баҳасы **500** миллиард сум болған инвестициялық жойбарлар портфельи қәлиплестирилди.

Бар болған ҳәм жаңа жойбарларды әмелге асырыў арқалы 2026-жылы инвестиция көлемин 2025-жылға салыстырғанда **188** процентке арттырыўды мақсет еткенбиз. Соның менен бирге, жыл даўамында **640** микро жойбар иске қосылып, халықтың бәнтлиги тәмийинленеди.

Район раўажланыўында үлкен әҳмиетке ие болған 5 "драйвер" жойбарлар әмелге асырылмақта. Олардың арасында "Жылўан жап" каналы бойлап пиядалар ҳәм велосипедлер жолын қурыў, район орайында коллекторды реконструкциялаў, "Дослық гүзары" көшесин хызмет көрсетиў орайына айландырыў, "Жаңа Өзбекстан" массивинде балалар майданшасы ҳәм хызмет көрсетиў аймағын қурыў және "Нурлы бостан" мәҳәллесинде халық дем алыў орнын шөлкемлестириў жумыслары бар.

Исбилерменликти раўажландырыў мақсетинде ҳәрекециз турған **187** исбилерменлик субектлериниң жумысы тикленеди ямаса олардың орнында жаңа кәрханалар шөлкемлестириледи. Сондай-ақ, район аймағында кеминде бир сырт ел ИТ компаниясының филиалын шөлкемлестириў режелестирилген.

Социаллық тараўда да бир қатар әҳмиетли жумыслар әмелге асырылады. "Бахытлы" ҳәм "Қуяшлы" мәҳәллелеринде ески турақ жайлардың орнына **6** көп қабатлы турақ жайлар қурылады. "Жаңа Өзбекстан" массивиндеги **80** квартиралы **2** турақ жайдың қурылысы жуўмақланады. "Басламалы бюджет" шеңберинде ажыратылған **9,9** миллиард сум қаржылар мәҳәллелердеги әҳмиетли машқалаларды шешиўге қаратылады. Соның менен бирге, **22,3** километр ишки жоллар жақсыланады.

Барлық әмелге асырылып атырған жумыслардың нәтийжесинде район бойынша кәмбағаллық дәрежесин **2,1** процентке, жумыссызлық дәрежесин болса **2,0** процентке азайтыўды режелестиргенбиз.

Жуўмақлап айтқанда, 2026-жылда Кегейли районында барлық реформалар халықтың абаданлығын арттырыў, мәҳәллелерди абат етиў ҳәм экономиканы раўажландырыўға қаратылған. Белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын толық тәмийинлеў ушын барлық имканиятларымызды жумсаймыз.

**Дыққатларыныз ушын рахмет!**